Ассаламу гІалайкум!

ЗахІмат бихьичІого, рахІат бокьарас,
БекьичІого,лъилъе,нилъ гьечІого,хур.
Инхоса ГІали-хІажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 26 (6765) 12 июль 2021 с. Итни ЗулхІижа 1442 с. Багъа - эркенаб



ВОРЕ, ЦІАЛЕ, ЦІАЛЕ, ДИР ЦІОДОР!

## Меседил бакълъулал

Цlалул церехъабазе шапакъатал кьуна

**2021-абилеб соналъул 6-абилеб июлалда Бакълъул районалъул администрациялда тІобитІана бищун лъикІал къиматазда школал лъугІизаруразе медалал кьеялда хурхун рохалилаб данделъи. Бакълъул районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадовас къабул гьарун рукІана медалазе мустахІикълъарал цІалдохъаби ва мугІалимзаби.**



Меседил медалал ва аттестатал кьуна Чалаби МухІамадовасул цІаралда бугеб МелъелтІа росдал гьоркьохъеб школа лъугІарай ПатІимат Расуловалъе, ЧІир-къатІа гьоркьохъеб школалъул выпускникал МухІамад ХІажимухІамадовасе ва СалихІат Ибрагьимхановалъе, Гьарадирихъ гьоркьохъеб школа лъугІарай Хадижат Жамалудиновалъе.

Бакълъулазул нухмалъулев ХІажимурад МухІамадовас бищун лъикІ цІаларазда ва мугІалимазда баркана гьеб лъугьа-бахъин ва гьарана нахъеги кІудиял бергьенлъаби ва сундулъго битІккей.

Шапакъатал кьеялъул тадбиралда гІахьаллъана муниципалитеталъул лъайкьеялъул идараялъул нухмалъулесул ишал тІуразарулев ХІассан ГІалихІажиев, гьеб идараялъул специалист Сурхай Сурхаев, МелъелтІа гьоркьохъеб школалъул нухмалъулей Эльмира МухІамадова, медалистазул умумул, мугІалимзаби ва цогидал.

**«Гумбет» РИО**

РОСДАЛ МАГІИШАТ

## «Дагъистаналъул курак»

Республикаялъулаб фестивалалда гІахьаллъана Бакълъулазул нухмалъулел

**Бакълъул районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадовас гІахьаллъи гьабуна «Дагъистаналъул курак» абураб ДРялъул Минсельхозпродалъ гІуцІараб фестивалалда. Тадбиралда гІахьаллъана гьеб пихъ гІезабизе ва бичизе тІоцебесеб кьерда ругел Дагъистаналъул районал. Тадбиралда кІалъазе вахъана ДРялъул бетІерасул ишал тІуразарулев Сергей Меликов, гьенир гІахьаллъана ДРялъул вице-премьер ГІабдулмуслим ГІабдулмуслимов, ДРялъул росдал магІишаталъул ва кванил сурсатазул министр БатІал БатІалов ва цогидал.**




Бакълъулазул ахихъабаз лъикІал куракул тайпаби, гьеб пихъил гьарурал нигІматал: сокал, урба, компотал, бакъвараб курак рачІун рукІана фестивалалде. Бакълъул районалъул делегациялда гьорлъ рукІана: районалъул нухмалъулев ХІажимурад МухІамадов, Бакълъул районалъул депутатазул Собраниялъул спикер Мухтар АхІмадов, муниципалиталъул росдал магІишаталъул идараялъул нухмалъулев МухІамад ГІабдулхІалимов, администрациялъул маданияталъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХІайбула ГІабдурахІманов, «Гумбет» басмаялъул бетІерав редактор ХІамзат ГІизудинов, районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулесул ишал тІуралев ХІассан ГІалихІажиев ва цогидал.

Дагъистаналъул нухмалъулесул ишал тІуралев Сергей Меликовас лъикІаб къимат кьуна бакълъулазул нигІматазе. Гьесул рагІабазда рекъон, Дагъистаналда гІезарурал пихъил батІи-батІиял тайпаби Россиялъул регионазда гьоркьор бищун тІагІамал ва лъикІал ккола.

«Шалах» абураб куракул тайпаялъул бищун кІудияб пихъ ва куракул гага хехго бекиялъул къецалги тІоритІана фестивалалда. Къецазулъ гІахьаллъи гьабуна регионалъул анцІгогІан районалъ. Бергьаразе гІарцулал ва къиматал сайгъаталги кьуна.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Росдал магІишат, коронавирус, проектазулъ гІахьаллъи…
-2 гьум.



Каспиралъдал рагІалда – бакълъулазул къо
-2 гьум.



Шарип Шарипов Бакълъулазул ракьалде щвана
- 3 гьум.



Хьизан – жамгІияталъул аслу
- 3 гьум.

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.
Инхоса ГIали-хIажи



БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# Росдал магIишат, коронавирус, проектазулъ гIахьаллъи...

### КIвар бугел суалазул халгьабуна

**2021-абилеб соналъул 5-абилеб июлалда Бакълъул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас кIвар бугел суалал рорхараб иргадулаб данделъи тIобитIана. Гьедин, халгьабуна муниципалитеталда санитариябгун эпидемиологическияб ахIвал-хIалалъул, росдал магIишаталъул ва цогидал тIуразе хIажатал масъалабазул. Дандеруссиналда гIахьаллъи гьабуна республикаялъулал, федералиял ва бакIалъулал идарабазул нухмалъулез, районалъул администрациялъул махщалилаз ва цогидаз.**



Бакълъул районалъул централияб больницаялъул тохтур-эпидемиолог Апанди Сулеймановас баян гьабуна стационаралда 67 унтарав вукIин. Гьезда гьоркьоса 6-яв вуго пневмониягун, 1 чи коронавирусияб инфекциялъ унтарав. Гьесул рагIабазда рекъон, МелъелтIа росулъ коронавирусалъ унтаразул къадар дагьлъун буго, амма ЧIиркъатIа унтаразул къадар цIикIкIунеб буго.

«Дагъистаналъул курак» абураб фестивалалда гIахьаллъиялъул, муниципалитеталде ДРялъул росдал магIишаталъул министрасул тIоцевесев заместитель Шарип Шарипов вачIиналъул хIасилазул ва батIи-батIиял проекталъ гIахьаллъиялъул бицана Бакълъул районалъул росдал магIишаталъул идараялъул нухмалъулев МухIамад ГIабдулхIалимовас. Гьединго гьес баян гьабуна районалъул ахихъабазе кумек гьаби мурадалда росабалъ цогояб курак босулеб бакI гIуцIиялъулги.

«Дагъистаналъул курак» абураб фестивалалда гIахьаллъиялъе ХIажимурад МухIамадовас лъикIаб къимат кьуна. Гьес баркала загьир гьабуна районалъул росдал магIишаталъул идараялъул нухмалъулесе, хIалтIухъабазе, администрациялъул маданияталъул ва туризмалъул отделалъул вакилзабазе къиматаб даражаялда Бакълъул район бихьизабуралъухъ. ДРялъул бетIер Сергей Меликовасги лъикIаб къимат кьунин бицана ХIажимурад МухIамадовас.

Дандеруссиналъул ахиралда идарабазул нухмалъулезе тIадкъаял кьуна ва малъа-хъваял гьаруна муниципалитеталъул нухмалъулес.

**«Гумбет» РИО**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# Ккаралъур ратарал...

### Рагъул ветераназул къо кIодо гьабуна

**Рагъул ветераназул къо кIодо гьабурал тадбирал тIоритIана Бакълъулазул ракьалда. Муниципалитеталъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул цIаралдасан рагъулал гIахьалчагIазда баркана гьесул заместитель МухIамад КаримухIамадовас. Районалъул тIалъиялъул вакилзабаз ва Афгъанистаналъул рагъул ветераназ КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазе бараб памятникалда цебе тIугьдузул горал лъуна ва хваразе дугIа гьабуна.**



Рагъулал ветераназул къоялда хурхун гьарурал рагъулабгун ВатIан бокьиялъул, рухIиябгун хьвада-чIвадиялъул тIалабал цIуниялъул тадбиразулъ гIахьаллъана ТIолго-россиялъул инвалидазул ва Афгъанистаналъул рагъул ветераназул гIуцIиялъул Бакълъул районалда бугеб бакIалъулаб отделениялъул нухмалъулев, ДРялъул гIолилазул мустахIикъав насихIатчи МухIамадрасул Сулейманов, Бакълъул районалъул администрациялъул маданияталъул ва туризмалъул идараялъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIманов, муниципалитеталъул Инхоса ГIали-хIажил цIаралда бугеб централизованнияб библиотекаялъулаб гIуцIиялъул нухмалъулев МахIмуд Загьиров, районалъул финансовияб отделалъул нухмалъулев РурухIма Халидов, ГЦТКНРялъул нухмалъулев, ДРялъул маданияталъул мустахIикъав хIалтIухъан Набигула АхIмадибиров ва цогидал.

Бакълъулазул ракь бечедаб буго цIар рагIарал, къвакIарал, ВатIан цIунизе гьира бугел бахIарзаздалъун. Рекъав Тимурил боял щущахъ риххизариялъулъги, КIудияб ВатIанияб рагъулъги жигарго гIахьаллъана ва 1999-абилеб соналъ тIаде кIанцIарал халкъазда гьоркьосел зулмучагIазда дандеги бахIарчиго рагъана бакълъулал.

**«Гумбет» РИО**

ЧАРАН КИН ЛЪАДАРАРАБ

# Каспиралъдал рагIалда – бакълъулазул къо

### ГIолилазул идарабаз сахлъи цIуниялъул акция тIобитIана

**МахIачхъала шагьаралда пляжалъул рагIалда «Патриоты» Ассоциациялде гъорлъе кколеб «Бакълъулазул гIолилал» ДРООялъ ва «Бакълъулазул гIолилазул центр» МКУялъ «Къо зарядкаялдасан байбихье» абураб акция тIобитIана.**



Аваданго гьарурал упражнениял гIолилазе лъикIаб асар гьабуна. «Бакълъулазул гIолилал» ДРООялъул нухмалъулев Заур Халидовасул рагIабазда рекъон, сахлъи цIунун, гIумру гьаби ккола республикаялъул букIинесеб.

Тадбиралда кIалъазе рахьана ва жигараб гIахьаллъи гьабуна ДРялъул Муфтиясул кумекчи Идрис Асадулаевас, Дагъистаналъул бетIерасул кумекчи Сайпудин Сайповас, «Патриоты» АООялъул ГТО-ялъул вакил Шамил Муртазалиевас ва цогидаз.

Зарядка гьабиялъе цевехьанлъи гьабуна ММАялъул дуняялъул чемпион АхIмаднаби МухIамадовас. Тадбир тIобитIана черх ва рухI сахго цIуниялде гIадамазул рокьи цIикIкIине мурадалда. Акция гIуцIараз баркала загьир гьабуна гьенир гIахьаллъаразе ва тадбир тIобитIизе кумек гьабуразе.

Тадбиралъул ахиралда радал зарядка гьабиялъул ирга «Хунзахъ районалъул гIолилал» ДРООялъухъе кьуна, гьедин, щибаб гьатIан къоялъ эстафета кьезе буго «Патриоты» Ассоциациялда гъорлъе кколел жамгIиял идарабахъе. Бокьаразе радалквенги чIезабун букIана гьениб.

**«Гумбет» РИО**

ЦIАЛДОЛЕЗУЛ КАГЪТАЛ

# Тохтурасул гьими – бищун лъикIаб дару

### ЛъикIаб хъулухъалъухъ баркала

**Сахлъи щула гьабизелъун дун вегизе ккана Бакълъул районалъул централияб больницаялда. РагIунги букIана, дидагоги бихьана унтаразе лъикIал шартIал чIезарун рукIин, гьабулеб хъулухъалъе кIвахI гьечIел ва гурхIел бугел хIалтIухъаби рукIин.**

**РакI-ракIалъулаб баркала загьир гьабула районалъул поликлиникаялъе нухмалъи гьабулей Зайнаб Насрулаевалъе, медсестра Мадина Тимисултановалъе ва цогидал ЦРБялъул хIалтIухъабазе гьезул тIалаб-агьазалъухъ ва лъикIаб бербалагьиялъухъ.**



**Гьарула районалъул медицинаялъул хIалтIухъабазе щулияб сахлъи, халатаб ва рохалилаб гIумру, тавпикъ кьеги тIадаб хъулухъ кидаго лъикI борхизе. Аллагь разилъаги нужедаса. Амин.**

**МухIамадгIалиев АхIмад,**
**ЦIаналъ росу**

ЛЪИМЕР ГЬИМИЧIОНИ, ЧIУНТУЛА ДУНЯЛ

# ПатIимат Дадаева бергьана

### «Дагъистаналъул курак» абураб фестивалалда – тIоцебесеб бакI

**Бакълъул районалъул лъималазул искусствоялъул школалъ куцарай щуабилеб классалъул цIалдохъан ПатIимат Дадаева мустахIикълъана «Дагъистаналъул курак» абураб тадбиралда тIобитIараб суратазул къецазулъ тIоцебесеб бакIалъе.**

«ПатIимат Дадаева йиго малъарабги хехго босулей, лъараб бихьизабизе гьираги бугей цIалдохъан, гьарула гьелъие нахъеккунги чIахIиял бергьенлъаби», – ян абуна муниципалитеталъул лъималазул искусствоялъул школалъул мугIалим Нуцалай ГIабдурахIмановалъ.

Искусствоялъул школалъул гьитIинай цIалдохъаналъ хъилалда тIад бахъана куракул гъветI ва гьеб гьеб пихъ



бакIарулеб къагIида.

Бакълъулазул бетIер ХIажимурад МухIамадовас баркана ПатIимат Дадаевалда бергьенлъи ва гьарана гьелъие сундулъго икъбал ва кинабго лъикIабщинаб.

**«Гумбет» РИО**

БАРКИ

## Баркула Россиялъул почтаялъул къо

**Щибаб соналъул июль моцIалъул кIиабилеб гьатIан къоялъ кIодо гьабула, щибаб къоялъ халкъалъул хIажалъаби тIураялда хIалтIулел, почалъул хIалтIухъабазул къо.**

Кагътал, журнал-газетал, гIарац бикьи, посылкаби, телеграммаби ритIи ва гIемерал цогидалги хъулухъал жиндир заманалда тIуразе хIаракат бахъулел почалъул хIалтIухъаби, щибаб къоялъ мустахIикъал руго баркалаялъул рагIабазе. Божула бухьеналъул хъулухъ хадубккунги Бакълъулазул районалда цебетIезе букIиналда. Гьарула почалъул хIалтIухъабазе сахлъи, талихI, рохел, хIалтIулъ церетIеял.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

РИТМ ГУМБЕТА

## Хаджимурад Магомедов принял участие в XXXIII Конференции Дагестанского регионального отделения «Единой России»

**Делегация Гумбетовского района под руководством главы муниципалитета Хаджимурада Магомедова приняла участие в XXXIII Конференции Дагестанского регионального отделения «Единой России», которая прошла накануне в Доме Дружбы, в Махачкале.**



В состав делегации вошли спикер Собрания депутатов Гумбета Мухтар Ахмедов, замглавы администрации района Магомед Каримагомедов, и.о. начальника отдела образования Гассан Алигаджиев и другие.

По итогам работы XXXIII Конференции Дагестанского регионального отделения ВПП «Единая Россия» определен список кандидатов в парламент Дагестана нового созыва, который возглавил врио Главы РД, Секретарь регионального отделения ВПП «Единая Россия» Сергей Меликов.

**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

## В Дагестане продолжаются аварийно-восстановительные работы по ликвидации последствий непогоды

**В Дагестане проходят аварийно-восстановительные работы на дорогах и объектах электросетевого комплекса.**



**Об этом сообщается на сайте республиканского Правительства. Отмечается, что осуществление мероприятий по устранению последствий непогоды в регионе – на личном контроле премьер-министра РД Абдулпатаха Амирханова. Так, в городах и районах активными темпами проводятся работы по восстановлению электроснабжения, а также ремонту автодорог.**

**РИО «Гумбет»**

БУЦIЦIУН БУКIУНГЕ, МУН, АХ...

## Шарип Шарипов Бакълъулазул ракьалде щвана

### Ахихъанлъи цебетIеялъул суалал рорхана

**Дагъистаналъул росдал магIишаталъул министрасул тIоцевесев заместитель Шарип Шарипов хIалтIулаб сапаргун Бакълъулазул ракьалде щвана. Муниципалитеталъул бетIерасул заместитель МухIамад КаримухIамадовасда, Бакълъул районалъул росдал магIишаталъул идараялъул нухмалъулев МухIамад ГIабдулхIалимовасда ва цогидазда цадахъ гьес халгьабуна ГъоркIь Инхо росдал ахазул.**



МухIамад ГIабдулхIалимовас Шарип Шариповасда бицана Бакълъулазул ахихъабазул исана ункъазарго тонна куракул бакIаризе къасд букIин, гьединго гьес баян гьабуна кватIичIого мокърол бачIин бакIаризе бугебльиги.

Муниципалитеталъул нухмалъулесул заместитель МухIамад КаримухIамадовас баян гьабуна батIи-батIиял программаби ва проектал гIумруялде рахъинариялъ гIагараб заманалда ахазул къадар цIикIкIинабизе рес щвараблъи. Гьесул рагIабазда рекъон, бакълъулаз аслияб къагIидаялда ракь бекьиялдасан, боцIи хьихьиялдасан ва ахихъанлъиялдасан хайир босула, гьединлъида гьел рахъал церетIезе хIаракат бахъула республикаялъулаб ва бакIалъулаб тIалъиялъ.

Сапаралъул ахиралда Шарип Шариповас абуна ДРялъул Минсельхозпродалъ гьоркьоса къотIичIого ахихъанлъи цебетIезе хIалтIи гьабулеб бугилан.

Дагъистаналъул тахшагьаралда тIобитIараб «Дагъистаналъул курак» абураб тадбиралдаги жигараб гIахьаллъи гьабуна бакълъулаз, гьедин муниципалитеталъул ахихъабаз фестивалалда церелъуна куракул бищун лъикIал тайпаби, гьеб пихъил гьарурал нигIматал: урба, компотал, сокал ва гь.ц.

**«Гумбет» РИО**

ХЪИЗАН-ЛЪИМАЛ, ТАРБИЯ КЬУН, ТАРТИБАЛДА РУГЬУН ГЬАРЕ

## Хъизан – жамгIияталъул аслу

### Хъизаналъул ва ритIухълъиялъул къо кIодо гьабуна

**Щибаб соналъул июль моцIалда нилъер улкаялда кIодо гьабула хъизаналъул, рокьул ва ритIухълъиялъул къо. Бакълъул районалдаги батIи-батIиял тадбирал тIоритIана, гьеб къоялда хурхарал.**



Гьедин, Бакълъул районалъул руччабазул гIуцIиялъул нухмалъулей Загьра ГIабдулаева ва ГЦТКНРялъул кинопрограммаби гIуцIиялъ методист, районалъул руччабазул гIуцIиялъул гIахьалчIужу ГIазра Исубилаева щвана 60 сон цадахъ барал Бакълъул районалъул ЛъаратIа росулъа рос-лъади Мухтар НурмухIамадов ва Хадижат МухIамадовалъухъе.

Гьединго кIодо гьаруна 60 соналъ цадахъ ругел МелъелтIа росулъа ГIумахан МухIамадрасуловасул ва Нина Кузенкол, 48 соналъ цадахъ гIумру гьабурал ХIайбула ГIабдурахIмановасул ва ГIайшат Айтимировалъул, Гьимат ва Айзай МухIамадовазул хъизанал. ГIазра Исубилаевалъул рагIабазда рекъон, киналго хъизаназ хIурматалда ва рохалида къабул гьаруна гьел.

«Хъизан – щивасул мугъ чIвалеб бакI, букIинеселъул кьучI, хинлъиялъул иццI. Гьелда хурхараб байрамги бищунго рохалилаб ва рекIее асар гьабулеблъун ккола. Гьарула киназего хъизан-рукъалъул парахалъи цIунизе тавпикъ, щулияб сахлъи ва сундулъго битIккей», – ян абуна Загьра ГIабдулаевалъ.

Бакълъулазул нухмалъулев ХIажимурад МухIамадовасги баркана киназдаго хъизаналъул, рокьул ва ритIухълъиялъул къо, гьарана сундулъго икъбал, рохалилаб гIумру ва кинабго лъикIабщинаб.

**Макка МухIамадова**

#СТОПКОРОНАВИРУС05 #ВАКЦИНАЦИЯ05

## Гассан Алигаджиев привился от COVID-19

**И. о. начальника отдела образования администрации Гумбетовского района Гассан Алигаджиев прошел вакцинацию от COVID-19.**

«Ассаламу гIалайкум, уважаемые гумбетовцы! Настали нелегкие времена, в мире и в России наблюдается рост количества больных COVID-19. Медики и опытные специалисты утверждают, что вакцинация помогает выработать коллективный иммунитет и успешно бороться с данной инфекцией.

Помогите врачам, внесите свой вклад в защиту здоровья и жизни людей, принимайте участие в массовой иммунизации от ковида», – отметил Гассан Алигаджиев. Отметим, что глава Гумбетовского района Хаджимурад Магомедов прошел вакцинацию против COVID-19 российским препаратом «Спутник V», его примеру последовали более тысячи земляков.

**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

## Владимир Путин: «В имени Расула Гамзатова – и звон сабли, и мудрость стихов, в его стихах – трагическая и великая история Кавказа»

**Президент России, Верховный Главнокомандующий Вооруженными Силами РФ Владимир Путин 1 июля 2021 года подписал Указ о праздновании векового юбилея народного поэта Дагестана, автора «Белых журавлей» Расула Гамзатова в 2023 году.**



Об этом информирует сайт Кремля. Владимир Путин считает себя одним из читателей и почитателей творчества Расула Гамзатова, отмечая непреходящее значение его духовного наследия.

«В имени Расула Гамзатова – и звон сабли, и мудрость стихов, в его стихах – великие традиции предков, сила и величие гор, равнин, трагическая и великая история Кавказа», – заявил Владимир Путин.

**РИО «Гумбет»**

#СТОПКОРОНАВИРУС05 #ВАКЦИНАЦИЯ05

## Муртазали Валиев: «Иммунизация от COVID-19 – важная мера борьбы с этой инфекцией»

**Под руководством главы Гумбетовского района Хаджимурада Магомедова в Гумбете ведется комплексная работа по недопущению распространения пандемии COVID-19.**



Ведущий специалист отдела образования Гумбета Муртазали Валиев выступил с призывом о важности вакцинации от ковида. «Ассаламу гIалайкум, уважаемые гумбетовцы! Иммунизация от COVID-19 – важная мера борьбы с этой инфекцией. Чтобы победить эту болезнь, всем необходимо внести свою лепту в работу по противодействию данному вирусу.

Вакцинация – великое изобретение человечества. Призываю пройти иммунизацию против ковида», – заявил Муртазали Валиев. Вместе с другими сотрудниками отдела образования Гумбета Муртазали Валиев также прошел вакцинацию от COVID-19.

**РИО «Гумбет»**

## Эльмира Магомедова приняла участие в вакцинации от COVID-19

**Директор Мехельтинской средней школы имени Чалаби Магомедова Эльмира Магомедова приняла участие в массовой вакцинации против COVID-19.**



Магомедова привилась от ковида отечественным препаратом «Спутник V» в прививочном пункте Гумбетовской районной поликлиники.

Эльмира Магомедова обратилась к землякам с призывом принять активное участие в массовой иммунизации против COVID-19, чтобы победить эту инфекцию и вернуться к привычной жизни.

**РИО «Гумбет»**

## Кикунинский консервный завод возобновил работу на период сбора урожая в Дагестане

**Накануне заместитель председателя Правительства РД Абдулмуслим Абдулмуслимов и министр сельского хозяйства и продовольствия РД Баттал Batталов побывали в селе Кикуни Гергебильского района.**



Об этом сообщается на официальном сайте Минсельхозпрода РД. В рамках рабочей поездки вместе с руководителем муниципалитета Магомедали Тагировым они посетили Кикунинский консервный завод, деятельность которого на время была прекращена из-за финансовых проблем. Представители власти осмотрели этапы работ предприятия и обсудили с его работниками насущные вопросы.

По словам Абдулмуслима Абдулмуслимова, функционирование завода восстановлено на период сбора урожая абрикосов, в будущем работа по финансовому оздоровлению предприятия запланировано продолжить.

**РИО «Гумбет»**

## Есть смартфон — участвуй в переписи

**Первый в истории смартфон с монохромным ЖК-дисплеем появился в 1994 году. Уже к 2012 году такими телефонами владели около миллиарда человек. Сейчас во всем мире проживает около 8 млрд и почти половина пользуется мобильными гаджетами. Рассказываем, как смартфоны помогут принять участие во Всероссийской переписи населения.**

Смартфоны уже давно стали неотъемлемой частью нашей жизни: с ними мы делаем заказы и совершаем покупки, читаем новости, смотрим видео, общаемся с родными и друзьями, создаем семьи, получаем информацию в госучреждениях. В этом году с помощью смартфона можно будет принять участие в первой цифровой переписи населения России.

Отечественная перепись — это часть глобального переписного раунда 2020 года, в котором участвуют все развитые страны мира. На основе данных переписей разных государств ООН подсчитывает общую численность населения Земли.

11 июля ежегодно отмечается Всемирный день народонаселения. Дата выбрана не случайно — в этот день в 1987 году родился 5-миллиардный житель Земли. По прогнозу ООН, к 2050 году население планеты достигнет 9,7 млрд человек.

На фоне пандемии ООН рекомендовала странам проводить переписи дистанционно и поощрять онлайн-перепись, то есть самостоятельное заполнение электронных анкет в Интернете. Можно сказать, что цифровая перепись уже стала стандартом для статистиков во всем мире. Из крупных стран новый подход в переписях использовали США, Великобритания и Китай.

Перепись населения в России, которая пройдет уже в октябре, полностью соответствует рекомендациям международной организации. Для участия в цифровой переписи нужны:

- стандартная или подтвержденная учетная запись на портале «Госуслуги»;
- смартфон, планшет или компьютер с операционной системой Android или iOS;
- доступ в Интернет.

Электронные бланки можно будет заполнить не только на себя, но и на супруга, детей и родителей — точно так же, как если бы глава семьи беседовал с переписчиком и тот заполнял бумажные листы.

Последняя перепись населения России прошла в 2010 году. За прошедшие годы наша страна очень изменилась. Всероссийская перепись даст нам точную информацию о численности населения страны, ее национальном составе, миграции, уровне образования и других характеристиках общества. На основе этих данных будут формироваться программы по социальной поддержке, типы и размеры льгот.

Всероссийская перепись населения пройдет с 1 по 31 октября 2021 года с применением цифровых технологий. Главным нововведением предстоящей переписи станет возможность самостоятельного заполнения жителями России электронного переписного листа на портале госуслуг (Gosuslugi.ru). При обходе жилых помещений переписчики будут использовать планшеты со специальным программным обеспечением. Также переписаться можно будет на переписных участках, в том числе в помещениях многофункциональных центров оказания государственных и муниципальных услуг «Мои документы».

## Изумруд Мугутдинова поздравила многодетную семью с рождением 10 ребенка

**Накануне во Всероссийский день семьи, любви и верности министр труда и социального развития РД Изумруд Мугутдинова встретилась с многодетной семьей Блюденовых, которая проживает в пригороде столицы Дагестана.**

Об этом сообщается на официальном сайте Минтрудсоцразвития республики. В рамках визита Изумруд Мугутдинова поздравила Виктора и Заиру Блюденовых, воспитывающих трех сыновей и семь дочерей, и вручила им конверт с единовременной выплатой в размере 300 000 рублей.

Также семье подарили столовый и чайный сервиз. Отмечается, что указанные денежные средства предусмотрены семьям, у которых рождается десятый и каждый последующий ребенок.

**РИО «Гумбет»**

БетIерав редактор: ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал: Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр Поцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьорк
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1001
Газета къватIибе биччазе гьулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.